



Pou Piblikasyon Imedya: 14/06/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DEZYÈM FAZ KANPAY GLOBAL 40 MILYON DOLA POU
SIPÒTE RELANS ENDISTRI TOURISTIK ETA NEW YORK LA**

De (2) Nouvo Spòt Piblisite ki Prezante Atraksyon Touristik Klas Mondyal nan Upstate New York ki pou Difize sou Televizyon Difize, Sèvis Difizyon Kontini yo ak Anliy; Piblisite ki pou Difize Pandan Tout Peryòd Lete a

Kanpay Apre Pandemi an Envite Vizite Nasyonal ak Vizite Entènasyonal yo pou "Come Be A Part of It (Vin Patisipe Ladan Li)"

Gade Piblisite yo [Isit la](#) ak [Isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo anonse jodi a lansman de (2) nouvo spòt piblisite kòm dezyèm faz nan kanpay 40 milyon dola New York la pou li sipòte relans endistri touristik Eta a. Nouvo spòt piblisite yo prezante atraksyon touristik klas mondyal nan rejyon ki nan Eta a, nan montre richès ak varyete New York genyen pou li ofri. Kanpay la pral dewoule nan tout Eta a ansanm avèk mache motè avwazinan sou televizyon difize, sèvis difizyon kontini yo ak sou entènèt. Spòt piblisite sa yo pral dewoule pandan tout peryòd lete a nan kad jefò k ap fèt pandan tout ane a pou ogmante tourism nan tout Eta a.

"Nou ap remete New York kanpe, nou ap kwape COVID-19 la nan pran plis piki nan bra nou chak jou, epi li lè pou nou fè pwomosyon pou tout sa Eta a genyen pou li ofri pou nou fè dola tourism yo sikile ankò," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "De (2) nouvo spòt piblisite sa yo se dènye pati nan kanpay 40 milyon dola nou an pou nou ankouraje endistri touristik la epi favorize opòtinite pou devlopman ekonomik nan tout Eta a, epi yo pral konsantre sou avantaj nan bèl Upstate New York. Nou ap fè pwomosyon pou Eta nou an bòkote vizite yo nan diferan mache ak fwontye Eta yo, epi mwen pa ka tann pou mwen wè Eta New York rebati ekonomi li an apre pandemi terib sa a epi vanse pou pi devan".

Nan mete aksan sou destinasyon touristik ki deyò yo ofiyamezi Eta a ap relouvri, kanpay sa a ap ede ankouraje relans endistri touristik Eta a epi fè rekonstriksyon ekonomi an avanse. Nouvo spòt piblisite sezon lete yo konsante sou yon pil pak atraksyon sezonye epi ki deyò lwen Vil New York. Sa moun pi pito yo tankou Gran Kèmès Eta New York la (The Great New York State Fair), Plaj Cooper (Cooper's Beach), ak selèb Brasri atizanal Ommegang pran yon bon plas, ansanm avèk Chato istorik Boldt ak Wout Kous Saratoga. Piblisite yo mete aksan sou kèk nan pak atraksyon klas mondyal Eta a, tankou Wild Center nan North Country, Storm King Art Center nan Hudson Valley, ak Lake Placid Cliffside Mountain Coaster. Letchworth State Park, Niagara Falls State Park ak Watkins Glen State Park ladan yo tou, ki ofri vizite yo panorama san parèy ak posibilite divètisman ki san fen.

Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development lan, Eric Gertler te deklare: "Rekonstriksyon ekonomi New York dwe gen ladan

revitalizasyon endistri touristik Eta a. Li kòmanse avèk kanpay sa a pou re-entegre rezidan ak vizitè yo nan tout gwo kote pou wè yo ak bagay pou fè nan tout Eta a sezon lete sa a. Nou kontan anpil pou nou akeyi sila yo ki vle vini pou yo patisipe, piske pa gen pi bon moman pou w planifiye yon vwayaj pou dekouvri ak eksplòre pak atraksyon ou jwenn sèlman nan New York."

Direktè Egzekitif Tourism Eta New York la, Ross D. Levi te deklare: "New York abrite anpil pak atraksyon ak eksperyans klas mondyal, epi nou kontan anpil pou nou yon lòt fwa ankò envite vizitè yo eksplòre lajè ak pwofondè bagay Eta a genyen pou li ofri sezon lete sa a. I LOVE NY ap itilize tout gam konplè platfòm pwomosyonèl li yo epi li ap travay avèk patnè endistri touristik lokal ak rejyonal yo, nan asire nou lanse yon envitasyon kòdyal pou fanmi, koup ak gwoup zanmi yo vin patisipe nan varyete ak majeste Empire State la."

Prezidan Konsèy Konsiltatif Tourism Eta New York Cristyne Nicholas te deklare: "Plizyè fwa, Eta New York te rekonstui epi leve kanpe apre yon defi moun pa ka imajine. Piske nou kapab yon lòt fwa ankò envite ak akeyi vizitè ki soti toupatou nan lemond, Nouyòkè yo nan tout Eta a pare pou yo pataje ak selebre avèk fyète tout bèl atraksyon touristik Empire State genyen pou li ofri. Mwen kontan anpil paske Gouvènè Cuomo ak I LOVE NY kontinye avèk tradisyon fè pwomosyon tourism ak investi nan motè ekonomik pisan sa a, sitou lè Eta a ap soti anba moman difisil yo. Eksèltyò (toujou pi wo)"

Nan dat 2 jen, Gouvènè Cuomo [te anonse lansman](#) yon nouvo kanpay global 40 milyon dola ki vize revitalize endistri touristik Eta a. Kanpay sa a ap fè pwomosyon pou atraksyon touristik yo nan tout rejyon Eta a pandan sezon touristik yo ki se lete, lotòn ak livè piske Eta a kòmanse akeyi tout vizitè - lokal, nasyonal ak entènasyonal - ankò nan Eta New York.

Premye spòt touristik nan kanpay sa a mete aksan sou destinasyon touristik, atraksyon touristik, panorama ak son ki se sinonim Vil New York yo. Li prezante moniman ki se anblèm Vil New York yo tankou Washington Square Park, Moynihan Train Hall, Times Square ak Statue of Liberty (Estati Libète), yo prezante ak estanda klasik "Mizik tèm *New York, New York*" la. Sa vizitè yo pi pito yo tankou pizza estil New York, Zou Central Park ak Chinatown antrekoupe ak bèl peyizaj New York tankou yon tren metwo MTA, Feri Staten Island, Broadway, ak liy orizon Vil New York la ki limen leswa. Spòt piblisite a mete aksan sou wòl Vil New York antanke nannan yon rezo ki vas epi yo konnen nan zafè òf atistik, divètisman, espò, kilti, biznis ak kizin.

Pandan tout administrasyon Gouvènè a, gwo investisman ki fèt nan endistri touristik la te jenere plizyè nivo rekò depans pou vizitè yo epi li fè yon bon enpak ekonomik pandan li t ap kore plizyè milye djòb, men endistri a te sibi yon enpak demezire pandan pandemi an. Eta New York ap relouvri plizyè pati nan ekonomi li an avèk siksè, sa ki pèmèt Eta a lanse yon envitasyon bay vizitè yo yon lòt fwa ankò. Ofiyamezi vwayajè yo kòmanse ap fè plan pou apre pandemi an, Eta New York vle pou vizitè potansyèl yo konsidere Empire State kòm yon kote pou yo ale san danje ki gen anpil opsyon ki disponib pou yo kreye yon vakans yo p ap ka bliye. Nouvo kanpay sa a ap mete aksan sou destinasyon touristik moun dwe wè nan Eta a ofiyamezi Eta a ap relouvri, nan ede ankouraje relans endistri touristik Eta a epi fè rekonstriksyon ekonomi an avanse.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou atraksyon ak destinasyon touristik Eta New York yo, ale sou iloveny.com/summer.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)